

AMANNMAN CHAT PWOPOZE YO FÒM GOUVÈNMAN MAJISTRA- KOMISYON 13 Avril 2018 CHAT AVÈK AMANNMAN YO

Sec. 4. – Fòm gouvènman; nominasyon ak eleksyon.

- (a) *Deskripsyon jeneral.* Fòm gouvènman pou Vil Miami, Florid ki founi anba Chat sa a dwe koni kòm "~~plan majistra komisyonè vil~~ plan Majistra Fò-Komisyon.," epi Komisyon vil la dwe konsiste de senk sitwayen, ki se votè nan vil la ki kalifye epi yo dwe eli nan distri yo dapre fason ki founi isit la. Komisyon vil la dwe konstitye de kò gouvène a ak pouvwa (jan nou founi isit) pou yo pase òdonans adopte règleman epi egzèse tout pouvwa konfere sou vil la sòf jan nou founi isit. Majistra a dwe egzèse tout pouvwa nou konfime nan dokiman sa a ~~epi dwe nonmen, jan li founi nan seksyon 4(g)(6) nan Chat sa a yon chèf ofisye administratif ki pral koni kòm "direktè minisipal"~~ la.
- (b) *Eleksyon majistra a ak komisyon vil la; manda yo; revokasyon.* Dwe genyen, eli pa elektè ki kalifye nan vil la an jeneral, yon majistra ki dwe yon elektè kalifye ki reside nan vil la omwens youn (1) an avan li kalifye epi li dwe kenbe yon rezidans nan vil la pandan tout dire manda li a. Majistra a pa dwe sèvi an tan ke manm nan komisyon vil la.

Komisyon vil la dwe konpoze de senk manm ki pral eli nan distri nan vil la, nimewote 1 a 5. Tout moun ki vle poze kandida pou biwo komisyonè vil la dwe depoze nan distri a, nimewote 1 a 5, ke yo kalifye pou li a jan nu founi nan sou-seksyon (c) nan seksyon sa a nan Chat la. Komisyonè Vil yo nan distri ki nimewote 3 ak 5 yo dwe eli nan eleksyon minisipal jeneral la oswa eleksyon dezyèm tou eleksyon ki dwe fèt nan lane 2001 ak nan eleksyon minisipal jeneral la oswa dezyèm tou eleksyon a chak kat ane apre sa. Komisyonè Vil yo nan distri nimewote 1, 2, ak 4 yo dwe eli nan eleksyon minisipal jeneral oswa dezyèm tou eleksyon ki dwe fèt nan lane 2003 ak nan eleksyon minisipal jeneral oswa dezyèm tou eleksyon chak kat ane apre sa.

Majistra a dwe eli pa elektè ki nan vil la epi dwe gen yon manda de kat ane.

Majistra a ak tout komisyonè vil yo [dwe] sèvi nan biwo depi douzè midi senk jou apre vòt la nan vòt pa sipèvizè eleksyon an ak deklarasyon rezilta a nan swa 1) eleksyon minisipal jeneral oswa 2) dezyèm tou eleksyon ak jiskaske siksesè yo ap eli epi kalifye. Kòmanse ak eleksyon an ki pral fèt an Novanm 2001, ak tout eleksyon ki vini apre yo, pa gen majistra oswa komisyonè vil eli ak kalifye pou de manda plen konsekitif anba sa a ni okenn lòt fòm gouvènman avan dwe kalifye pou re-eleksyon nan pwochenn manda ki vini apre li. Majistra a ak tout ~~lèt~~ manm nan komisyon vil la dwe sijè a revokasyon an akò ak pwosedi revokasyon minisipal ki etabli nan Seksyon 100.361, nan Lalwa Florid. Pòs vid-Pòs komisyon vid yo dwe ranpli jan nou founi nan seksyon 12[-]nan Chat sa a la.

Si yon kandida pou biwo majistra oswa komisyonè vil la resevwa yon majorite vòt nan eleksyon minisipal jeneral la pou pòs sa a, y ap konsidere kandida a eli epi apre eleksyon vòt la ak deklarasyon rezilta eleksyon an jan nou founi a. Si pa gen okenn kandida ki resevwa yon majorite nan vòt yo pou pòs sa a, de kandida yo pou pòs respektif la ki te resevwa pi gwo kantite vòt pou pòs sa a nan eleksyon minisipal jeneral la ap mete sou bilten vòt la nan eleksyon dezyèm tou a. Kandida k ap resevwa pi gwo kantite vòt yo nan dezyèm tou eleksyon an, dwe konsidere eli nan pòs kote kandida a te kalifye.

- (c) *Kalifikasyon pou majistra ak komisyon vil la; majistra, komisyonè vil yo, ak lòt ofisye ak anplwaye ki pa gen okenn enterè nan kontra, elatriye; fran, tikè gratis, pas oswa sèvis.* Kandida

pou majistra yo dwe rezidan nan vil la pou omwens youn (1) ane imedyatman avan yo kalifye epi dwe tou elektè ladan, epi dwe kenbe rezidans kontinyèl nan Vil la pandan tout dire manda yo a nan pòs la. An plis de sa, kandida pou komisyon vil la dwe reside nan distri a pou omwens youn (1) ane imedyatman avan yo kalifye epi dwe elektè nan distri sa, epi dwe kenbe rezidans kontinyèl nan distri sa pandan tout dire manda yo nan pòs la. Majistra a, komisyonè vil yo, ak lòt ofisyè ak anplwaye pa dwe enterese nan pwofi yo ni reniman yo pou okenn kontra, djòb, travay oswa sèvis pou minisipalite a. Majistra a oswa nennpòt komisyonè vil la ki pral sispann posede nennpòt nan kalifikasyon ki egzije isit yo dwe san pèdi kite pòs li, epi nennpòt ki kontra nan ki nennpòt ki manm ye oswa ki ka vinn enterese ladan ka deklare anile pa komisyon vil la.

Okenn majistra, komisyonè vil, oswa lòt ofisyè oswa anplwaye nan vil sa a dwe aksepte nennpòt fran, tikè gratis, pas oswa sèvis dirèkteman oswa endirèkteman, nan men pèsonn moun, fèm oswa sosyete sou tèm ki pi favorab pase sa ki te akòde pou piblik la jeneralman. Nennpòt vyolasyon dispozisyon ki nan seksyon sa a dwe yon deli. Tel entèdiksyon nan sèvis gratis pa dwe aplike pou lapolis oswa pèsonèl ponpye nan inifòm oswa ki mete badj ofisyèl yo, kote menm yo founi pa òdonans.

- (d) Komisyon vil la ki pral jije pwòp eleksyon pa yo; ni ~~majistra~~ ni komisyon vil la ni okenn komite ni manm ladan yo pral dwe dikte nominasyon pa oswa entèfere ak direktè minisipal majistra a. Komisyon vil la dwe jije eleksyon an ak kalifikasyon majistra a ak pwòp manm pa li yo, sijè a revizyon pa tribinal yo. Ni ~~majistra~~ a ni komisyon vil la, ni okenn komite ni manm ladan yo dwe dirije, mande, fè pati nan, ni dikte nominasyon ni revokasyon okenn moun nan pòs oswa anplwayman pa ~~direktè minisipal majistra~~ a ni sibòdone, ni nan okenn fason entèfere ak direktè minisipal majistra a anpeche ~~direktè minisipal majistra~~ a egzèse pwòp jijman pa li nan nominasyon ofisyè ak anplwaye nan sèvis administratif la. Eksepte pou objektif rechèch la ak jan sa ka nesèsè jan li founi nan seksyon 14, majistra a, komisyon vil la, nennpòt komite ak manm ladan l yo pral fè fas ak sèvis administratif la sèlman atravè direktè minisipal la, epi ni majistra a ni komisyon vil la, ni okenn komite ni manm ladan l dwe bay lòd pou nennpòt nan sibòdone direktè minisipal la, avoka vil la, grefye vil la ak oditè jeneral endepandan, swa piblikman oswa an prive. Restriksyon sa a pa aplike pou objektif pou kominike ak fè demann alekri nan sèvis administratif yo pou objektif de transmèt kesyon konstitiyan yo oswa pou ede nennpòt komisyonè vil nan egzèsis otorite yo jan sa etabli nan Chat sa a oswa jan sa ka nesèsè jan sa founi nan seksyon 14. Eksepte jan li founi lòt kote nan Chat sa a, ni komisyon vil la, ni okenn komite ni manm ladan l dwe bay lòd pou nennpòt nan sibòdone majistra, avoka vil la, grefye vil la, ak jeneral oditè endepandan, swa piblikman oswa an prive. Nennpòt diktasyon konsa, prevansyon, lòd, oswa lòt entèferans oswa vyolasyon seksyon sa a nan pati ~~majistra a oswa~~ yon manm nan komisyon vil la oswa komite yo dwe konsidere kòm yon vyolasyon Chat la, epi sou kondanasyon devan yon tribinal nan jiridiksyon konpetan nennpòt moun ki kondane dwe sijè a yon amann ki pa depase senk san dola (\$ 500.00) oswa anprizonman pou yon tèm ki pa depase swasant jou oswa toude, ak nan diskresyon tribinal la va pèdi pòs li. Nennpòt vyolasyon volontè nan dispozisyon ki nan seksyon sa a pa majistra a oswa nennpòt komisyonè vil la dwe rezon pou retire li nan pòs la pa yon aksyon pòte nan Tribinal Awondisman an pa avoka leta nan konte sa a.
- (e) Nominasyon pa majistra; eleksyon de ofisyè pa komisyon vil la; règ pou komisyon vil la; kowòm. ~~Komisyon vil la Majistra a~~ dwe eli nonmen yon grefye vil ak yon avoka vil. Okenn manm nan komisyon vil la ni majistra a dwe chwazi ~~an tan ke direktè minisipal oswa an tan ke yon manm komite sèvis sivil la oswa nonmen a nennpòt lòt pòs nan vil la oswa anplwayman.~~ Majistra a pa dwe yon manm nan komisyon an oswa ni dwe konte pou kowòm, men li dwe sèvi kòm prezidan komisyon vil la san yon vòt. Dispozisyon Gouvènman Florid la nan Lwa Sunshine la pa dwe aplike nan reyinyon majistra a oswa kominike avèk manm komisyon vil la. Komisyon vil la va eli vis-prezidan an pa vòt majorite, ki moun ki va pèfòme devwa prezidan an nan absans la oswa enkapasite prezidan an. Nennpòt manm nan komisyon vil la ka chwazi pa komisyon vil la prezide sou reyinyon komisyon vil nan ka absans prezidan an oswa vis-prezidan an. Komisyon vil la gen dwa detèmine pwòp règ pwosedi pa li yo, li gen dwa pini pwòp manm pa li yo pou movèz kondwit, epi li gen dwa fòse prezans manm. Komisyon vil la ka òganize tèt li nan komite kanpe oswa komite espesyal. Lè yo fin fè fòmasyon yon tel komite konsa yo, komisyon vil la gen dwa nonmen manm li yo oswa otorize prezidan an pou li nonmen manm komite yo. Komite kanpe oswa espesyal nan komisyon vil la dwe

siyifye sa ki gen ladan yo manm komisyon vil sèlman. Yon majorite nan tout manm nan komisyon vil la dwe konstitye yon kowòm pou fè biznis, men yon nimewo ki pi piti ka ajoune de tan zan tan.

- (f) Reyinyon komisyon vil la; òdonans ki pou li pa tit sèlman. A douze midi nan jou majistra a oswa komisyon vil la pran pès la, yo dwe reyini nan meri a. Apre sa, Komisyon vil la dwe rankontre nan tan ak kote sa yo jan li ka preskri pa òdonans oswa rezolisyon. Reyinyon komisyon vil la ak tout sesyon komite komisyon vil la dwe devan piblik la. Òdonans yo dwe li pa tit sèlman. Pa gen manm ki dwe eskize nan vote a eksepte sou zafè ki konsène konsiderasyon pwòp kondwit ofisyèl pa li, oswa kote enterè finansye pa li yo enplike.
- (g) Pouvwa ak devwa majistra a. Majistra a dwe sèvi an tan ke chèf egzekitif la ak ofisye administratif ak tèt gouvènman vil la ak pouvwa ak devwa ~~spesifik~~ sa yo:
- (1) Majistra a dwe ofisye k'ap prezide a prezidan komisyon vil la ak dwa a pou li asiste reyinyon komisyon vil la, pale epi patisipe nan diskisyon an, epi rekòmande pou komisyon vil la adopsyon tel mezi ki gen dwa nesèsè oswa ekspedyan otorite pou li deziye yon lòt manm komisyon vil la pou sèvi an tan ke ofisye k'ap prezide a.
 - (2) Majistra a dwe rekonèt an tan ke tèt ofisyèl la nan vil la pou tout rezon seremoni, pa tribinal yo ak bi pou yo sèvi pwosesis sivil, ak pa gouvènè a pou rezon militè. Se majistra a ki dwe responsab pou jesyon tout departman administratif nan Vil la, pou egzekite òdonans yo, rezolisyon yo, politik yo, ak lòt mezi ki te adopte pa komisyon vil la, epi wè ke tout lwa ak òdonans yo aplike. Majistra a, oswa tel lòt moun sa yo ki ka deziyen pa majistra a, dwe egzekite kontra ak lòt enstriman yo, epi siyen obligasyon ak lòt prèv dèt yo.
 - (3) Majistra a dwe sèvi an tan ke tèt Vil la pou rezon jesyon ijans yo. Nan moman danje piblik oswa ijans, majistra a ka deklare yon eta dijans jan li founi nan lwa leta e li gen dwa ak konsantman komisyon vil la, pran kòmand lapolis la epi kenbe lòd epi ranfòse lwa yo.
 - (34) Majistra a gen dwa nonmen èd administratif yo pou gen tel devwa sa yo kòm majistra a gen dwa detèmine epi sèvi nan plezi majistra a. Èd administratif majistra yo dwe eskli nan dispozisyon sèvis sivil ki nan Chat la ak Òdonans Vil Miami an.
 - (35) Sòf si li founi pa Chat sa a, majistra a va gen pouvwa pou li nonmen, reprimann, epi retire tout direktè departman yo ak tout ofisye ak anplwaye sibòdone yo nan departman yo nan toude sèvis ki klasifye ak sèvis ki pa klasifye nan departman administratif Vil la. Pouvwa majistra a pou li reprimann ak retire pa rive jis nan staf pou komisyon vil la. Tout nominasyon yo dwe sou merit ak kapasite pou kont li, ak nan sèvis klasifye a, tout nominasyon ak ranvwa yo dwe sijè a dispozisyon sèvis sivil ki founi nan Chat sa a. Nominasyon pou direktè departman yo dwe vinn efikas sòf li pa apwouve pa yon vòt afimatif 4 / 5 nan komisyonè vil sa yo epi nan biwo nan pwochenn reyinyon komisyon vil la ki pwograme regilyèman. Vòt sa yo dwe final epi yo dwe entèdi majistra a pou li re-nonmen direktè departman ki pa te apwouve a. Chèf lapolis ak chèf ponpye yo dwe nonmen pa ak sijè a sipèvizyon majistra a. Tout fonksyon administratif yo ki pa asiyen espesyalman bay lòt moun pa Chat sa a dwe fèt anba sipèvizyon majistra a. Majistra a dwe gen dwa pou li sispann, reprimann, retire, oswa revoke nennpòt direktè administratif, chèf polis la, ak chèf ponpye a, avèk oswa san rezon,.
 - (46) Pandan absans oswa andikap tanporè volontè a, majistra a dwe nonmen yon manm nan komisyon vil la ki pou pèfòme devwa majistra yo. Sepandan, nan ka ke majistra a pa oswa pa kapab fè yon tel deziyasyon, komisyon vil la dwe deziye yon manm nan komisyon vil la ki pou pèfòme devwa majistra yo pandan absans oswa andikap tanporè majistra a pa yon vòt de kat senkyèm de komisyonè vil la ki nan pès nan moman sa.
 - (57) Majistra a dwe, avan di jou depi adopsyon final pa komisyon vil la, gen otorite veto sou nennpòt ki desizyon lejislatif, kazi-jidisyè, zonaj, plan direktè oswa desizyon itilizasyon teren pa komisyon vil la,

ki enkli bidjè a oswa nennpòt eleman patikilye ladan li ki te apwouve pa komisyon vil la; pwiske, sepandan ke si nennpòt atik revni anba veto, yon atik depans nan menm kantite lajan oswa pi gwo kantite dola dwe tou pran veto. Komisyon vil la gen dwa, nan pwochenn reyinyon ki pwograme regilyèman oswa espesyalman li apre veto a rive, depase sou veto a pa yon vòt kat-senkyèm pa komisyonè vil yo ki prezan, malgre nennpòt pwovizyon kontrè yo ki andan Chat la ak Kòd vil la. Tel pouvwa veto dwe enkli ladan li aksyon yo dapre seksyon 29-B jiska 29-D nan Chat la. The majistra may not veto the selection of the vice-chair of the commission, the enactment of commission committee rules, the formation of commission committees, or the appointment of members to commission committees.

- (6) ~~Lè yon moun swiv yon lòt nan pozisyon majistra a, siksèsè a dwe gen dwa pou nonmen direktè minisipal la, sijè a apwobasyon an nan lespas 14 jou nan yon majorite nan komisyonè vil ki nan pòs la nan lè sa a. Nan ka de yon pòs vid nan pòs pou direktè minisipal, majistra a dwe nonmen direktè minisipal la, sijè a apwobasyon an nan lespas 14 jou nan yon majorite nan komisyonè vil ki nan pòs la nan lè sa a. Majistra a gen dwa retire direktè minisipal la sijè a komisyon vil la ap fè yon odyans nan lespas 10 jou ki vini apre tel retrè ak komisyon vil la anvigè aksyon majistra a pa yon vòt kat-senkyèm de komisyonè vil sa yo ki nan pòs la nan lè sa a. Anplis de sa, komisyon vil la pa yon vòt kat-senkyèm nan komisyonè vil sa yo ki nan pòs la nan lè sa a pral kapab retire direktè minisipal la.~~
- (78) Majistra a dwe etabli ak nonmen manm yo nan tout komite kanpe ak espesyal nan komisyon vil la ak prezidan an ak vis-prezidan nan chak komite. Dwe genyen kantite komite kanpe ak espesyal nan komisyon vil la ki jije nesèsè pa Majistra a. Komite kanpe oswa espesyal nan komisyon vil la dwe vle di sa ki gen ladan manm komisyon vil sèlman. Majistra a dwe kenbe komisyon vil la byen konseye sou kondisyon finansye ak bezwen Vil la.
- (89) Majistra a dwe prepare ak delivre yon rapò sou eta vil la bay moun ki nan vil la ant 1 Novanm ak 31 Janvyè chak ane. Tel rapò sa yo dwe prepare apre konsiltasyon avèk komisyonè vil yo ak direktè minisipal la.
- (910) ~~Majistra a dwe prepare ak delivre yon diskou sou bidjè a chak ane bay moun ki nan vil la ant 1ye Jiyè ak 30 Septanm. Tel rapò sa yo dwe prepare apre konsiltasyon avèk direktè minisipal la.~~
- (911) Majistra a gen dwa, san avètisman, lakòz zafè nennpòt departman oswa kondwit nennpòt ofisye oswa anplwaye egzamine. Nennpòt moun (yo) ki nonmen pa majistra a pou egzaminen zafè nennpòt departman oswa kondwit de nennpòt ofisye oswa anplwaye dwe gen menm dwa pou egzijè prezans temwen yo ak pwodiksyon liv ak papye yo ak lòt prèv jan li konfere sou majistra a ak komisyon vil pa Chat sa a.
- (912) Majistra a dwe pèfòme tel lòt devwa sa yo ki kapab preskri pa Chat sa a oswa egzijè pa majistra a oswa òdonans oswa rezolisyon pa Komisyon Vil la.
- (913) Tout referans pou direktè minisipal la nan Chat la ak Kòd Òdonans Vil yo dwe amande pou ranplase ak mo "majistra" a.
- (h) Pòs vid nan biwo majistra a.
- (1) Pòs vid pèmanan nan konsekans lanmò, demisyon, revokasyon, lòd tribinal, oswa lòt aksyon legal. Si pòs majistra a ta vinn vid nèt pèmanan nan rezon lanmò, demisyon, revokasyon, oswa lòt aksyon legal, yo dwe ranpli yon tel pòs vid sa a avèk yon manm administrasyon an ki deziyen pa majistra a lè li asepte pòs oswa avan pòs vid la, avèk avètisman bay komisyon vil la alekri davans de pòs vid la, sòf si moun ki deziye a pa apwouve pa yon vòt afimatif 4 / 5em de komisyonè vil yo ki nan pòs la nan lè sa a nan pwochenn reyinyon ki regilyèman pwograme. Tel vòt sa yo dwe final epi majistra a dwe entèdi re-deziyen manm ki pa apwouve nan administrasyon an. Moun ki deziyen an dwe egzèsè tout otorite nan pòs majistra a epi li dwe pèfòme devwa yo epi asime responsablite yo nan pòs sa a, eksepte pou fè yon veto majistra a, jiskaske yon eleksyon espesyal ki dwe fèt pa plis pase 90 jou apre yo finn kreye pòs vid la.

(2) Pòs vid tanporè nan konsekans andikap, sispansyon, lòd tribinal, oswa lòt aksyon legal. Si pòs majistra a ta vinn tanporèman vid pa rezon de andikap, sispansyon, lòd tribinal, oswa lòt aksyon legal, yo dwe ranpli pòs vid tanporè a ak yon manm nan administrasyon an ki deziyen pa majistra a lè li asepte pòs la oswa avan pòs vid la, avèk avètisman bay komisyon vil la alekri davans pòs vid la, sòf si moun ki deziyen an pa apwouve pa yon vòt afimatif 4 / 5em de komisyonè vil ki nan pòs la nan lè sa a nan pwochenn reyinyon regilyèman pwograme a. Tel vòt sa yo dwe final epi majistra a dwe entèdi re-deziyen manm ki pa apwouve nan administrasyon an. Moun ki deziyen an dwe egzèse tout otorite nan pòs majistra a epi li dwe pèfòme devwa yo epi asime responsablite pòs sa a, eksepte pou fè yon veto majistra a, pou jiska 120 jou. Si pòs vid tanporè a depase 120 jou, yon eleksyon espesyal dwe fèt pou pa plis pase 90 jou aprè dat ekspirasyon 120 jou a. Konsideran ke si majistra a ki sijè a pòs vid tanporè a pita absòbe nan akizasyon malpwote yo oswa otreman rekipere de andikap la pandan manda a nan pòs kote li te eli, majistra a va gen dwa kontinye nan pòs la pou rès tan manda ki pa ekspire a, si genyen. Manda moun ki sipoze oswa ki te eli nan eleksyon espesyal nan pòs ki te tanporèman abandone pa majistra a va otomatikman fini sou restorasyon nan pòs moun ki te nan plas la orijinalman an.

Si majistra ki te eli a retounen nan pòs li, majistra a pral otomatikman kontinye devwa pòs majistra yo pou rès tan nan manda kote, li te eli. Egzistans de yon andikap ki enkapab majistra ki te eli a nan pèfòme devwa pòs la dwe detèmine ak yon vòt afimatif ki gen omwen senk (5) manm komisyon vil la ki baze sou prèv medikal konpetan, sibstansyèl.”

(hi) Salè pou majistra a ak komisyon an. Apati 4 Novanm 2003, yo pral peye komisyonè vil yo yon sòm total de \$58,200, ki egal a swasant pousan salè majistra a anvigè sou 16 Jiyè 2003. Tel salè sa yo dwe peye chak ane pou chak komisyonè, nan douz valyasyon egal. Konpansasyon majistra a dwe detèmine pa komisyon an, epi nan okenn ka pa dwe mwens pase 75% nan konpansasyon an pou Majistra Konte Miami-Dade.

(j) Dat efektif Fòm gouvènman Majistra Fò-Komisyon an. Nonobstan nennpòt lòt pwovizyon nan Chat sa a, fòm gouvènman Majistra Fò-Komisyon an efikas e aplike imedyatman apre apwobasyon pa majorite elektè yo nan vil la k'ap vote nan yon eleksyon ki te rele pou objektif pou vote sou amannman an. Pou aplike amannman Chat sa a, ofisyèl vil eli aktyèl yo konstitye majistra inisyalyal ak komisyonè vil ki idantifye nan Seksyon 4(a) jiskaske dat ekspirasyon manda aktyèl yo nan pòs yo.

Sec. 12. – Ranpli pòs vid pou ~~majistra ak~~ komisyon.

(a) Yon pòs vid sou komisyon vil la ~~oswa nan pòs majistra a~~ ki poutèt lanmò, demisyon, forfè, sispansyon, retrè, oswa lòt aksyon oswa kòz dwe ranpli nan lespas di jou apre tel pòs vid fèt pa yon majorite komisyonè vil ki rete yo. Moun ki nonmen an dwe satisfè egzijans yo pou pòs la jan li egzije nan seksyon 4 nan Chat sa a. Manda a nan pòs moun ki nonmen konsa a, sòf nan sikonstans yo ki detaye nan seksyon (c) anba a, dwe jiskaske siksesè a nan pòs la eli epi kalifye nan kèlkeswa sa ki nan bagay sa yo rive avan:

- (1) eleksyon minisipal jeneral ki fèt nan ane ke tèmine ak yon chif enpè pou pòs majistra a ak komisyonè vil ki te fèt dapre seksyon 4 nan Chat la, oswa
- (2) eleksyon jeneral Eta Florid ki fèt nan ane ki tèmine ak yon chif egal, kote eleksyon nasyonal, eta ak konte yo ranpli,

Kandida yo pou tel eleksyon sa yo dwe kalifye jan li founi nan seksyon 4 nan Chat sa a epi peryòd ki kalifye ak egzijans pou tel eleksyon sa yo dwe jan li founi nan seksyon 7 nan Chat sa a. Moun ki eli jan li founi nan (a)(1) oswa (a)(2) nan Seksyon sa a dwe sèvi pou rès manda a ki pa ekspire nan pòs sa a.

- (b) Si komisyone vil ki rete yo ta dwe echwe oswa refize ranpli tel pòs vid sa a nan lespas di jou apre li rive, jan li founi isi, komisyon vil la dwe rele yon eleksyon espesyal pou ranpli pòs vid la ki dwe fèt nan yon dat ki pa mwens pase trant uit oswa plis pase karant-senk jou apre ekspirasyon peryòd di jou a ak peryòd kalifikasyon senk jou a. Peryòd kalifikasyon pou tel eleksyon espesyal sa yo dwe pou senk jou ki pa enkli jou Samdi, Dimanch oswa jou ferye legal avan dat trant-wityèm jou avan dat eleksyon an epi pwosedè pou eleksyon an ki pa otreman founi nan seksyon sa a dwe founi nan seksyon 7 nan Chat sa a. Eksepte nan sikonstans yo ki detaye nan seksyon (c), efikas 7 Novanm 2017, moun ki resevwa pi gwo kantite vòt pou pòs la nan espesyal eleksyon sa a ap eli pou ranpli pòs vid la pou rès tan manda pou pòs sa a ki pa ekspire a.
- (c) Si yon pòs vid nan nennpòt pòs komisyon eli se poutèt yon forfè, sispansyon, oswa revokasyon, pòs vid la dwe ranpli nan menm manyè jan li dekri nan seksyon (a) ak (b) pi wo a, depi ofisyèl eli ki te abandone pòs li a ta pita absòbe nan akizasyon de malpwopete yo, ofisyèl eli sa dwe gen dwa pou li kontinye pòs eli li a pou rès manda ki pa ekspire a, si genyen. Manda moun ki te asime pòs ki te abandone avan pa ofisyèl eli sa dwe otomatikman fini nan moman restorasyon nan pòs pa moun ki te kenbe plas la orijinalman an.
- (d) Si komisyone vil yo ta dwe neglije konfòme yo avèk devwa yo jan li etabli nan seksyon sa a, donk, ak nan ka sa, tribinal la isi gen pouvwa epi otorize pou aplike konfòmite ak zak sa a oswa pou rele yon eleksyon li menm ki pou ranpli tel pòs vid sa yo oswa pòs vid nan komisyon vil la ~~oswa nan pòs majistra a~~.

Sec. 14. - Komisyon gen dwa mennen ankèt sou tranzaksyon ofisyèl, zak ak kondwit yo.

Majistra a, komisyon vil la, oswa nennpòt komite ladan li a gen dwa mennen ankèt tranzaksyon finansye pou nennpòt pòs oswa depatman nan gouvènman vil la ak zak ofisyèl ak kondwit de nennpòt ofisyèl vil la, epi pa ankèt parey sa gen dwa jwen enfòmasyon nan nennpòt fason. Nan kondwi tel ankèt sa yo majistra a, komisyon vil la, oswa nennpòt komite ladan li, gen dwa egzijè prezans temwen ak prodiksyon liv, papye ak lòt eprè, epi pou objektif sa gen dwa bay manda ki dwe siyen pa majistra a, ofisyè k'ap prezide nan komisyon vil la, oswa prezidan nan yon tel komite, jan ka a ka ye, ki dwe sèvi epi egzekite pa nennpòt ofisyè lapolis.

~~Sec. 15. — Direktè minisipal — Kalifikasyon; nominasyon; manda; salè; maladi oswa absans; retire.~~

~~Direktè minisipal la dwe tèt branch administratif gouvènman vil la. Komisyon vil la dwe etabli konpansasyon direktè minisipal la, epi direktè minisipal la dwe sèvi jan li founi nan seksyon 4 (g). Direktè minisipal la dwe chwazi sou baz kalifikasyon egzekitif ak administratif direktè vil la. Nan moman nominasyon direktè minisipal la direktè minisipal la pa bezwen yon rezidan nan eta a. Ni majistra ni okenn komisyone vil la dwe elijib pou pozisyon direktè minisipal la pandan oswa nan de (2) lane apre dat ekspirasyon manda respektif pa yo.~~

~~Majistra a, sijè a apwobasyon pa komisyon vil la, ka deziyen yon ofisyè administratif ki kalifye nan vil la ki pou asime devwa yo ak otorite direktè minisipal la pandan peryòd absans tanporè oswa andikap pou direktè minisipal la.~~

~~Direktè minisipal la dwe responsab pou administrasyon tout inite nan gouvènman vil la anba jiridiksyon direktè minisipal la, epi pou egzekite règleman ki te adopte pa komisyon vil la. Direktè minisipal la oswa moun ki deziyen an dwe egzekite kontra ak lòt enstriman, siyen bon obligasyon ak lòt prèv dèt yo.~~

~~Sec. 16. — Menm Pouvwa e devwa yo~~

~~Pouvwa ak devwa direktè minisipal yo dwe pou li:~~

~~(a) Wè ke tout lwa ak òdonans yo aplike.~~

~~(b) Nonmen ak ranvwa, sòf jan li founi otreman nan Chat sa a, tout direktè nan depatman yo ak tout ofisyè sibòdone yo ak anplwaye nan depatman yo ni nan sèvis klasifye ni nan sèvis ki pa klasifye; tout nominasyon dwe sou merit ak kapasite sèlman, epi nan sèvis klasifye a tout nominasyon ak ranvwa yo dwe sijè a dispozisyon sèvis sivil ki nan Chat sa a.~~

~~(c) Egzèsè kontwòl sou tout depatman yo ak divizyon ki kreye isit la oswa ki ka apre sa kreye pa komisyon vil la.~~

- ~~(d) Asiste tout reyinyon komisyon vil la ak dwa pou patisipe nan diskisyon an men pa ka vote.~~
- ~~(e) Rekòmande pou majistra a ak komisyon vil la pou adopsyon tel mezi ke direktè minisipal la gen dwa detèmine nesèsè oswa ekspedyan.~~
- ~~(f) Kenbe majistra a ak komisyon vil la konplètman o kouran sou kondisyon finansye ak bezwen yo pou vil la; ak~~
- ~~(g) Pèfòme tel lòt devwa ki gen dwa preskri pa Chat sa a oswa gen dwa egzije pa majistra a oswa òdonans oswa rezolisyon pa komisyon vil la.~~

~~Sec. 17. Menm Egzaminasyon afè depatman yo, ofisye yo oswa anplwaye yo.~~

~~Direktè minisipal la gen dwa, san okenn avètisman, lakòz zafè nonnpòt depatman oswa kondwit nonnpòt ofisye oswa anplwaye yo egzamine. Nonnpòt moun ki nonmen pa direktè minisipal la egzaminen zafè yo nan nonnpòt ki depatman oswa kondwit de nonnpòt ofisye oswa anplwaye dwe gen menm dwa a pou yo egzije prezans temwen ak pwodiksyon liv ak papye ak lòt eprèy jan li konfere sou majistra a ak komisyon vil la pa Chat sa a.~~

Sec. 20. - Direktè depatman yo.

~~Direktè minisipal majistra a dwe nonmen yon direktè pou chak depatman epi, ak diskresyon direktè minisipal majistra a, gen dwa konsolide de oswa plis depatman anba yon sèl direktè. Chak tel direktè konsa dwe sèvi jiskaske li retire pa direktè minisipal majistra a oswa jiskaske yon siksesè te nonmen epi kalifye, dwe kondwi zafè depatman pa li an akò ak règ ak règleman yo ki fèt pa direktè minisipal majistra a, dwe responsab pou kondwit ofisye ak anplwaye nan depatman pa li yo, pou pèfòmans de biznis li a, ak pou gad ak prezèvasyon liv yo, dosye yo, papye yo ak pwopriyete ki anba kontwòl li yo, ak, sijè a sipèvizyon ak kontwòl pa direktè minisipal majistra a nan tout zafè, dwe jere depatman an. Okenn nan dispozisyon ki nan seksyon sa a, sepandan, dwe aplikab pou depatman lalwa a, grefye vil la oswa biwo oditè jeneral endepandan an.^[4]~~

Sec. 21. - Depatman lalwa a.

Avoka vil la dwe direktè depatman lalwa a e yon avoka-an-lalwa ki admèt nan pratik nan Eta Florid la. Avoka vil la dwe konseyè legal ak avoka ak konsèy pou vil la, ak tout ofisye ak depatman ladan li yo nan zafè ki gen rapò ak travay ofisyèl yo. Avoka vil la dwe pouswiv ak defann tout pwosè pou ak nan non vil la, epi li dwe prepare tout kontra yo, obligasyon yo ak enstriman yo alekri nan ki vil la konsène epi li dwe andose sou chak apwobasyon sou fòm ak egzaktitud de li.

Avoka vil la dwe avoka pwosekitè pou tribinal minisipal la. Avoka vil la dwe genyen yon tel kantite asistan kòm komisyon vil la gen dwa otorize pa òdonans. Avoka vil la dwe pouswiv tout ka yo ki mennen devan tel tribinal sa a epi pèfòme menm devwa yo, osi lwen ke yo aplikab pou sa, jan yo egzije de pwosekitè avoka a nan konte a.

Lè li oblije fè sa pa rezolisyon an pa komisyon vil la, avoka vil la dwe pouswiv oswa defann pou ak nan non vil la tout plent, pwosè ak polemik nan ki vil la fè yon pati, ak tel lòt pwosè sa yo, zafè ak polemik jan li dwe, pa rezolisyon oswa òdonans, dirije pou pouswiv oswa defann yo.

Majistra a, komisyon vil la, direktè minisipal la, direktè nonnpòt depatman, oswa nonnpòt ofisye oswa komite ki pa enkli andan yon depatman, gen dwa egzije opinyon avoka vil la sou nonnpòt kesyon sou lalwa ki enplike pouvwa ak devwa respektif yo.

Avoka vil la dwe yon anplwaye gouvènman apentan; pa dwe angaje nan pratik lalwa an prive; epi sou eleksyon pa li pa komisyon vil la nominasyon pa majistra a dwe sèvi jiskaske lè pou eleksyon an pou ofisyèl minisipal yo majistra a spesifye nan seksyon 4 nan Chat la ki swiv pwochenn eleksyon minisipal jeneral la, sijè a dispozisyon ki nan seksyon 4(g) yo.

Sec. 24. – Depatman sekirite piblik la.

Chèf depatman sekirite a dwe koni kòm direktè sekirite piblik la.

Sijè a sipèvizyon ak kontwòl ~~direktè minisipal la~~ majistra nan tout zafè, chèf depatman sekirite piblik la dwe chèf egzekitif la pou divizyon lapolis ak ponpye. Li dwe otorite chèf administratif la nan tout zafè ki gen rapò ak batiman, antrèyen, reparasyon, retire, brize, okipasyon ak enspeksyon pou tout bilding anba tel règleman ki gen dwa òdone pa komisyon vil la.

- (a) *Divizyon lapolis la.* Kò lapolis la dwe konpoze de yon chèf ak tel ofisye ak lòt anplwaye ke ~~direktè minisipal la~~ majistra a gen dwa detèmine. Chèf lapolis la dwe gen imedya direksyon ak kontwòl sou kò lapolis la, sijè a sipèvizyon pa direktè sekirite piblik la, ak a tel règ, règleman ak òdonans ke direktè sa a gen dwa preskri, ak atravè chèf lapolis la, direktè sekirite piblik la dwe pwomilge tout òdonans yo, règ yo ak règleman yo pou gouvènman kò lapolis la. Chèf lapolis la dwe konsakre tout tan li sou egzeyat de devwa ofisyèl li yo epi li pa dwe absan nan vil la sòf nan pèfòmans de devwa ofisyèl li yo, sòf si li akòde yon konje alekri pa ~~direktè minisipal~~ majistra a. Biwo li dwe rete louvri nan tout lè, jou kou nwit, epi swa chèf lapolis la oswa yon sibòdone dwe nan prezans konstan. Nan ka andikap chèf lapolis la poutèt rezon maladi, absans nan vil la oswa lòt kòz, direktè sekirite piblik la dwe deziyen youn nan kapitenn yo oswa lyetan yo nan lapolis ki pou aji an tan ke chèf lapolis pandan tel andikap sa yo, epi ofisye ki deziyen an dwe sèvi san konpansasyon anplis. Manm kò lapolis yo, lòt apa de chèf la, dwe chwazi nan lis moun ki elijib yo ki te prepare pa komite sèvis sivil la, epi an akò avèk tel règleman sa yo kòm komite sa a gen dwa preskri; depi, ke nan ka ta gen revòlt oswa ijans, direktè sekirite piblik la ka nonmen patwouy ak ofisye adisyonèl pou sèvis tanporè, ki moun ki pa bezwen nan sèvis klasifye a. Chak manm nan kò lapolis la, tou de manm sibaltèn, te dwe resevwa yon manda nominasyon ki siyen pa ~~direktè minisipal~~ majistra a, nan ki nominasyon an dwe deklare, epi se sa ki pral sèvi an tan ke komisyon manm nan.

Okenn moun, eksepte jan li founi pa lalwa jeneral la oswa Chat sa a, dwe aji kòm yon polis espesyal oswa detektif espesyal eksepte sou otorite alekri nan men direktè sekirite piblik la. Tel otorite sa yo, lè yo konfere, dwe egzèse sèlman anba direksyon ak kontwòl chèf lapolis la ak pou yon tan ki espesifye nan nominasyon an.

Manm kò lapolis la ki nan vil sa a dwe envesti ak tout pouvwa ak otorite ki nesèsè pou yo ranfòse òdonans yo nan vil sa a.

Chèf lapolis la oswa nennpòt ofisye polis nan Vil Miami a, gen dwa arete san yo pa gen manda, nennpòt moun ki vyole nennpòt nan òdonans yo nan vil la ki fèt nan prezans tel ofisye sa yo, epi lè konesans de vyolasyon an de nennpòt ki òdonans nan vil sa a dwe vini nan chèf lapolis oswa ofisye polis sa a, ki pa fèt nan prezans li, li dwe fè afidavit devan jij la oswa grefye tribinal minisipal la kont moun ki chaje avèk vyolasyon sa yo, kèlkeswa, tel jij oswa grefye ap bay yon manda pou arestasyon tel moun sa yo.

- (b) *Divizyon ponpye a.* Kò ponpye a dwe konpoze de yon chèf ak tel lòt ofisye, ponpye ak anplwaye jan ~~direktè minisipal~~ majistra a gen dwa detèmine. Chèf ponpye a dwe gen imedya direksyon ak kontwòl sou tel depatman, sijè a sipèvizyon pa direktè sekirite piblik la epi pou tel règ, règleman ak òdonans sa yo kòm tel direktè gen dwa preskri epi se atravè chèf ponpye a ke direktè sekirite piblik la dwe pwomilge tout òdonans, règ ak règleman pou gouvènman depatman ponpye a.

Manm yo nan departman ponpye a, lòt apa de chèf la, dwe nonmen nan lis moun ki elijib ki prepare pa komite sèvis sivil la, epi an akò avèk tel règ ak règleman sa yo, jan li gen dwa preskri pa tel komite sa a; depi, nan ka revòlt, konflagrasyon oswa ijans, direktè sekirite piblik la ka nonmen ponpye adisyonèl ak ofisye pou sèvis tanporè ki pa oblije nan sèvis klasifye a.

Chèf departman ponpye a ak asistan li to otorize pou yo egzèse pouvwa polisye yo pandan ke yo prale nan, ap asiste, oswa ap retounen nan nennpòt dife oswa alam dife. Chèf ponpye a ak chak nan asistan li yo dwe genyen delivre pou li yon manda de nominasyon ki siyen pa ~~direktè minisipal majistra~~ a, nan ki dat de nominasyon li a dwe deklare, epi se tel manda ki pral sèvi an tan ke komisyon li a.

Nennpòt lè nennpòt bilding ki nan tel vil a dwe pran dife, li dwe legal pou chèf departman ponpye a òdone ak dirije tel bilding sa yo oswa nennpòt ki lòt bilding ke li gen dwa detèmine ki gen danje ladan li epi li kapab kominike dife nan lòt bilding, oswa nennpòt ki pati nan tel bilding sa yo, pou yo rale desann oswa detwi epi yo pa gen okenn aksyon ki dwe konsève kont tel chèf oswa nennpòt moun ki ap aji anba otorite li donk.

Sec. 25. - Sipèvizyon nan divizyon lapolis la ak ponpye a.

Chèf lapolis ak chèf ponpye a dwe gen dwa ak pouvwa pou yo sispann nennpòt nan ofisye yo ak anplwaye yo nan divizyon respektif pa yo ki gen dwa anba jesyon ak kontwòl pa yo pou enkonpetans, neglijan nan devwa, imoralite, bwè pou yo sou, echèk obeyi lòd ki te bay pa yon otorite apwopriye, oswa pou nennpòt ki lòt kòz ki jis ak rezonab. Si nennpòt ki ofisye oswa anplwaye yo sispann kòm li founi isit, chèf pou divizyon ki konsène a dwe imedyatman alekri sètifye reyalyite a ansanm ak kòz pou sispannyon an, bay direktè sekirite piblik la, ki moun ki dwe rann jijman sou li a, ki jijman, si chaj la ta soutni, gen dwa yon reprimann, amann, sispannyon, rediksyon nan ran oswa revokasyon.

Direktè sekirite piblik la nan nennpòt investigasyon dwe gen pouvwa pou li administre sèman ak sekirite prezans temwen yo ak pwodiksyon liv ak papye yo.

Anplwaye a dwe gen dwa menm pwosedi apèl la jan sa etabli nan seksyon 36(f) nan Chat la, ~~depi, sepandan, nan evènman ke pòs direktè minisipal la ak direktè sekirite piblik yo ap okipe pa menm moun nan, direktè minisipal la direktè sekirite piblik la, avan li pase sou kilpabilite a oswa inosans moun ki sispann nan, gen dwa otorize komite sèvis sivil la pou yo fè yon odyans sou chaj sispannyon yo pi pito pa chèf ponpye oswa lapolis yo ak pou rapòte rezilta ak rekòmandasyon li yo tounen bay tel direktè minisipal la – direktè sekirite piblik la. Direktè minisipal la – direktè sekirite piblik la dwe pase jijman sou moun ki sispann nan, apre li finn konsidere rezilta ak rekòmandasyon komite sèvis sivil yo.~~

~~Sec. 26. - Sispannyon ak retire pou chèf lapolis la ak chèf ponpye a.~~

~~Direktè minisipal la dwe gen dwa eksklizif pou sispann chèf lapolis la ak chèf ponpye a pou enkonpetans, neglijan nan devwa, imoralite, bwè pou sou, echèk obeyi lòd ki bay pa otorite apwopriye, oswa pou nennpòt lòt kòz ki jis ak rezonab. Si youn nan chèf sa yo dwe sispann kensa direktè minisipal majistra a dwe apre sa sètifye reyalyite a, ansanm ak kòz sispannyon an, bay komisyon an ki nan lespas senk (5) jou ki vini apre dat yo resevwa tel avi sa a, pral kontinye tande tel chaj sa yo ak rann jijman sou li, ki jijman ap final.~~

Sec. 27. - Finans, departman finans la.

(a) *Direktè departman.* Sijè a sipèvizyon ak kontwòl ~~direktè minisipal majistra~~ a, direktè finans la dwe gen chaj sou departman finans la ak shall dwe administre zafè finansye yo pou vil la, ki enkli kenbe epi siveye tout

kont yo, enpozisyon an, evalyasyon an ak koleksyon revni yo, pèfòmans ak koleksyon evalyasyon espesyal yo, gad ak debousman fon ak lajan yo pou vil la, kontwòl sou depans yo, ak tel lòt devwa jan ~~direktè minisipal-majistra~~ a gen dwa dirije.

- (b) *Fòm ak fason pou kenbe kont yo ak fè rapò yo.* Kont yo dwe kenbe pa depatman finans la ki montre tranzaksyon finansye yo pou tout depatman yo ak pòs yo nan vil la. Fòm yo pou tout tel kont sa yo ak rapò finansye yo ki rann nan oswa pa depatman finans la dwe preskri pa direktè finans la ak apwobasyon ~~direktè minisipal-majistra~~ a. Pwosedi kont ak kontabilite pou vil la dwe konsistan avèk pwopozisyon yo de Komite Estanda Kontabilite Gouvènmantal la ak prensip kontabilite jan yo jeneralman aksepte nan peyi Etazini a.

Sec. 29-A. - Kontra pou, pwojè devlopman inifye yo, ak pwopriyete reyèl; pwoteksyon yo.

- (a) *Pwojè devlopman inifye yo.* Yon pwojè devlopman inifye dwe vle di yon pwojè kote yon enterè nan pwopriyete reyèl posede oswa prale akeri pa vil la, pral itilize pou devlopman pou amelyorasyon, ak ki jan komisyon vil la detèmine ke pou devlopman pou tel amelyorasyon sa yo ta pi avantaj pou vil la pwokire nan men yon moun prive, jan sa defini nan Kòd Vil Miami a, youn oswa plis nan pakè entegre swivi sa yo:

- (1) planifikasyon ak konsepsyon, konstrikasyon, ak lokasyon; oswa
- (2) planifikasyon ak konsepsyon, lokasyon, ak jesyon; oswa
- (3) planifikasyon ak konsepsyon, konstrikasyon, ak jesyon; oswa
- (4) planifikasyon ak konsepsyon, konstrikasyon, lokasyon, ak jesyon.

Depi moun nan men ki moun vil la pwokire youn nan pakè entegre ki mansyone anwo yo a founi tout fonksyon yo ki endike pou pakè sa a, tel moun sa yo pa bezwen founi chak fonksyon ki endike pou tout pwojè devlopman inifye antye a ni pou menm pati nan pwojè devlopman inifye a.

Kantite manm nan piblik la gen ekspètiz nan domenn devlopman byen imobilye oswa nan lòt domenn teknik ki pètinan yo oswa ki abite nan vwazinaj la pou yon sit pwopoze pou yon pwojè devlopman inifye kòm li jije apwopriye pa ~~direktè minisipal-majistra~~ a dwe envite pa ~~direktè minisipal-majistra~~ a pou yo founi opinyon pa yo pandan preparasyon dokiman pou pwosesis konpetitif yo pou pwojè devlopman inifye a.

Si li jije apwopriye pa ~~direktè minisipal-majistra~~ a, pwosesis pwojè devlopman inifye a dwe enkli yon pwosesis demann pou kalifikasyon avan emisyon de yon demann pou pwopozisyon yo. Kalifikasyon yo dwe evalye pa ~~direktè minisipal-majistra~~ a oswa moun ki deziyen (yo) epi sèl sa yo ki detèmine yo kalifye an akò ak kritè evalyasyon espesifik yo dwe envite pou yo patisipe nan demann pou pwosesis pwopozisyon ki vini apre a pou tel pwojè devlopman inifye.

Demann pou pwopozisyon yo pou pwojè devlopman inifye yo dwe jeneralman defini nati de itilizasyon yo ke vil la ap chèche pou pwojè devlopman inifye a ak alokasyon estime yo pou teren pou chak itilizasyon. Yo dwe tou deklare swivi yo:

- (1) moso teren espesifik la ki anvizaje pou yo itilize a oswa zòn jeyografik ke vil la anvi devlope a dapre pwojè devlopman inifye a;
- (2) kritè evalyasyon espesifik yo ki dwe itilize pa kabinè kontabilite piblik sètifye ki mansyone anba a;
- (3) kritè evalyasyon espesifik yo ki dwe itilize pa komite revizyon ki mansyone anba a;
- (4) limit la nan angajman pwopoze vil la nan fon, pwopriyete, ak sèvis yo;
- (5) definisyon yo pou tèm "ogmantasyon konsiderab" ak "modifikasyon materyèl" ki pral aplike pou pwojè a konfòmman avèk sou seksyon (e)(4) isit; ak

- (6) yon rezèvasyon a dwa pou yo rejte tout pwopozisyon yo ak dwa de tèminasyon ki refere nan sou seksyon (e)(4), anba a.

Aprè avètisman piblik dwe genyen yon odyans piblik nan ki komisyon an dwe konsidere:

- (1) kontni yo pou pwopozisyon yo pou pwojè devlopman inifye ki sijè a;
- (2) seleksyon de yon kabinè kontabilite piblik sètifye, ki dwe enkli omwens youn lòt manm ki gen eksperyans deja nan kalite devlopman an kesyon an; ak
- (3) rekòmandasyon yo nan men ~~direktè minisipal majistra~~ a pou nominasyon pou moun ki pou sèvi sou komite revizyon an. Tel komite revizyon sa a dwe konsiste de yon kantite apwopriye de ofisyèl vil ak anplwaye ak yon kantite egal plis youn de manm de piblik la, ki non pa yo dwe soumèt pa ~~direktè minisipal majistra~~ a pa mwens ke senk jou avan odyans piblik ki mansyone anwo a.

Nan konklizyon de odyans piblik la komisyon vil la dwe otorize yon demann pou pwopozisyon yo, seleksyone yon kabinè kontabilite piblik sètifye, ak nonmen manm yo pou komite revizyon an sèlman pami moun ki te rekòmande pa ~~direktè minisipal majistra~~ a.

pwosedi a pou seleksyon pou pwopozisyon pakè entegre yo dwe jan sa a:

- (1) tout pwopozisyon yo dwe analize pa yon kabinè kontabilite piblik sètifye ki nonmen pa komisyon an baze sèlman sou kritè evalyasyon ki aplikab yo bay tel kabinè kontabilite piblik sètifye ki genyen nan demann pwopozisyon an. Tel kabinè kontabilite piblik sètifye dwe rann yon rapò alekri sou rezilta li yo bay ~~direktè minisipal majistra~~ a.
- (2) komite revizyon an dwe evalye chak pwopozisyon baze sèlman sou kritè evalyasyon ki aplikab yo pou tel komite revizyon ki genyen nan demann pwopozisyon an. Tel kabinè kontabilite piblik sètifye dwe rann yon rapò alekri sou rezilta li yo bay ~~direktè minisipal majistra~~ a sou evalyasyon li pou chak pwopozisyon, ki dwe enkli opinyon minorite yo.
- (3) Pran an konsiderasyon rezilta yo de kabinè kontabilite piblik sètifye ki mansyone avan an ak evalyasyon yo de komite revizyon ki mansyone avan an, ~~direktè minisipal majistra~~ a dwe rekòmande youn oswa plis pwopozisyon ki pou aksepte pa komisyon vil la, oswa altènativman, ~~direktè minisipal majistra~~ a gen dwa rekòmande pou yo rejte tout pwopozisyon yo. Si genyen twa oswa plis pwopozisyon epi ~~direktè minisipal majistra~~ a rekòmande yon sèl, oswa si ~~majistra~~ a rekòmande pou yo rejte tout pwopozisyon yo, ~~direktè minisipal majistra~~ a dwe deklare alekri rezon yo ki fè li bay tel rekòmandasyon sa.

Nan transmèt rekòmandasyon li a oswa rekòmandasyon li yo pou komisyon an, ~~direktè minisipal majistra~~ a dwe enkli rapò ki ekri yo, sa enkli nennpòt opinyon minorite yo, pou yo rann li a kabinè kontabilite sètifye a ak komite revizyon an ki mansyone avan yo.

- (4) Tout kontra pou pwojè devlopman inifye yo dwe atribye a moun ki pwopozisyon li an pi plis avantaj pou vil la, jan li detèmine pa komisyon vil la.

Komisyon an gen dwa aksepte nennpòt rekòmandasyon de ~~direktè minisipal majistra~~ a atravè yon vòt afimatif de yon majorite de manm li yo. Nan ka ke komisyon an pa aksepte yon pwopozisyon ki te rekòmande pa ~~city manager majistra~~ a oswa pa rejte tout pwopozisyon yo, komisyon an dwe chèche rekòmandasyon dirèkteman nan men komite revizyon ki mansyone avan an, ki dwe fè yon rekòmandasyon oswa plizyè rekòmandasyon a komisyon an ki konsidere rapò ki fèt pa kabinè kontabilite piblik sètifye ki mansyone avan an ak kritè evalyasyon ki spesifye pou komite revizyon an nan demann pou pwopozisyon yo.

Aprè li resevwa rekòmandasyon dirèk yo nan men komite revizyon an, komisyon an dwe, atravè yon vòt afimatif de yon majorite de manm li yo:

- (1) aksepte nennpòt rekòmandasyon de komite revizyon an; oswa
- (2) aksepte nennpòt rekòmandasyon de avan pa ~~direktè minisipal majistra~~ a; oswa
- (3) rejte tout pwopozisyon yo.

Tout kontra yo pou pwojè devlopman inifye yo dwe siyen pa ~~direktè minisipal majistra~~ a oswa moun ki deziyen an apre komisyon an apwouve li. ~~Direktè minisipal Majistra~~ a oswa moun ki deziyen an dwe responsab pou li devlope yon pwogram de akizasyon minorité jan li gen dwa preskri pa òdonans ak pèmèt pa lalwa nan konjonksyon ak bay kontra yo pou pwojè devlopman inifye yo. Dispozisyon ki nan seksyon chat sa a dwe ranplase nennpòt lòt chat oswa pwovizyon kòd ki kontrè a.

- (b) *Vant ak lokasyon pou pwopriyete reyèl; entèdiksyon.* Eksepte jan sa otreman endike nan seksyon sa a, pa dwe gen okenn vant, transpò, oswa dispozisyon pou okenn enterè, ki enkli nennpòt lokasyon, nan pwopriyete reyèl ki posede pa vil la, depatman pake deyò lari a, oswa otorite devlopman anba lavil la, sòf si te avi piblik avan ak yon opòtinite avan pou piblik la ka fè konpetisyon pou tel pwopriyete reyèl oswa enterè. Nennpòt tel vann, transpò, oswa dispozisyon yo dwe kondisyon sou konfòmite avèk: dispozisyon ki nan seksyon sa a; tel metòd akizasyon sa yo ki gen dwa preskri pa òdonans; ak nennpòt ki restriksyon ki gen dwa enpoze pa vil la, depatman pake deyò lari a, oswa otorite devlopman anba lavil la, jan sa apwopriye. An plis de sa, pa gen okenn dwa, tit, oswa enterè ki dwe veste nan transfè a tel pwopriyete sa yo sòf si vant lan, transpò a, oswa dispozisyon an te fèt pou pi gwo machandè responsab la, jan sa detèmine pa komisyon vil la, oswa komite pake deyò lari a, oswa komite direktè otorite administrasyon devlopman anba lavil la. Komisyon vil la oswa komite pake deyò lari a oswa direktè komite otorite administrasyon devlopman anba lavil la, jan sa apwopriye, gen dwa pa rezolisyon anile egzijans pou vann, transpò, oswa dispozisyon pou pi gwo machandè a responsab la pa mwayen pwosedi sa a.: ~~direktè minisipal majistra~~ a, direktè otorite pake deyò lari a, oswa direktè otorite devlopman anba lavil la, jan sa apwopriye, dwe fè yon rapò sou rezilta alekri ki pou di ke yon ijans valid egziste, epi ki rapò dwe ratifye pa yon vòt afimatif pa de tyè de komisyon vil la apre yon odyans piblik ki te byen pibliye. Lè egzijans vant lan, transpò, oswa dispozisyon pou pi gwo machandè responsab la anile, lòt metòd akizasyon ke yo gen dwa preskri pa òdonans dwe swiv. Vil la oswa depatman pake deyò lari a oswa otorite devlopman anba lavil la dwe gen pouvwa pou yo rejte tout òf yo. Tout envitasyon pou demann de kontra, demann pou pwopozisyon, oswa lòt solisitasyon yo dwe genyen yon rezèvasyon nan dwa ki pi wo a pou yo rejte tout òf yo. Seksyon sa a pa dwe aplike pou transfè nan Etazini oswa nennpòt depatman oswa ajans ladan li, pou Eta Florid la, oswa nan nennpòt divizyon politik oswa ajans ladan li.
- (c) *Pwoteksyon yo.*
- (1) Tout moun ki gen kontra avèk vil la anba seksyon sa a dwe oblije sètifye konfòmite yo avèk lalwa antitrist yo Ozetazini ak nan Eta Florid la epi pou yo kenbe enofansif, defann, ak dedomaje vil la pou nennpòt ki non-konfòmite pa tel moun sa yo ak lalwa ki site anwo yo.
 - (2) Tout moun ki gen kontra avèk vil la anba seksyon sa a dwe oblije peye kèlkeswa sa ki pi gran an nan sa ki annapre yo: (i) tout taks ad valorèm ki aplikab yo ki legalman evalye kont pwopriyete ki enplike a oswa (ii) yon montan ki dwe peye bay vil la egal a sa ki taks ad valorèm yo ta ye si pwopriyete a te posede an prive ak itilize pou yon objektif de fè pwofi. Tel taks sa yo pa dwe kredite kont nennpòt revni ki ap monte pou vil la anba nennpòt kontra ki gen dwa bay anba seksyon sa a.
 - (3) Nennpòt pwopozisyon pa yon machandè potansyèl oswa kontraktè ki kontanple plis pase limit ki estime a pou angajman pwopoze vil la pou fon, pwopriyete, oswa sèvis yo dwe pa kalifye pou yo aksepte pa komisyon vil la.
 - (4) Nennpòt ogmantasyon sibstansyèl nan angajman vil la pou fon, pwopriyete, oswa sèvis, oswa nennpòt chanjman materyèl nan nennpòt kontra ki bay anba seksyon (c) nan seksyon sa a dwe bay komisyon vil la dwa pou yo mete fen nan kontra a apre yon odyans piblik. Avan yon tel odyans piblik sa a, komisyon vil la dwe chèche epi jwenn yon nan men ~~direktè minisipal majistra~~ a ak nan men komite revizyon an ki evalye pwopozisyon yo pou pwojè a, konsènan rekòmandasyon pou egzèsè dwa sa a.

- (a) *Kreyasyon de komite yo; nominasyon; manda pou pòs yo; pòs vid yo; règ ak règleman yo.* Yon komite sèvis sivil nan vil la se isit la kreye ak etabli. Dwe genyen senk manm ki konstitye tel komite sèvis sivil sa a. Twa nan yo dwe nonmen pa komisyon vil la, epi de nan yo dwe eli pa anplwaye vil la ki gen tel estati sèvis sivil, pami tel anplwaye sa yo ki gen tel estati sèvis sivil. De sa yo ki eli dwe devni manm nan komite a lè yo konfime pa komisyon vil la. Tout manm de tel komite sèvis sivil la dwe sèvi pou de zan, e yo dwe pran pòs la san pèdi tan depi yo nonmen epi kalifye. Komisyon vil la gen dwa retire nennpòt manm nan komite a pou kòz, lè yo deklare alekri rezon ki pou yo retire li a, apre yo finn pèmèt li ka fè vwa li tandè pa komisyon vil la nan pwòp defans pa li. Nennpòt pòs vid dwe ranpli pa komisyon vil la pou rès tan nan manda a ki pa ekspire a. ~~Direktè minisipal~~ Majistra a dwe otorize pou li preskri règ yo, règleman yo ak pwosedi a pou kenbe eleksyon pou nan objektif de eli de manm nan komite sèvis sivil la pa anplwaye ki travay pou vil la ki gen estati sèvis sivil.
- (b) *Prezidan; egzaminatè; sibòdone yo.* Tou swit apre nominasyon, komite a dwe òganize pa chwazi youn nan manm li yo an tan ke prezidan. Komite a dwe nonmen yon egzaminatè an chèf ki dwe yon manm komite a epi ki pral aji tou kòm sekretè. Komite a gen dwa nonmen lòt sibòdone ki gen dwa gen pwovizyon pou li pa apwopriasyon.
- (c) *Sèvis pa klasifye ak klasifye.* Sèvis sivil la nan vil la isit divize an sèvis ki pa klasifye a ak sèvis klasifye a.
- (1) Sèvis ki pa klasifye a dwe enkli ladan li:
- (A) ~~Direktè minisipal~~ Majistra a, asistan pa li yo, ak staf sekretè ya;
- (B) Chèf depatman yo, manm nan komite ki nomine yo, jij nan tribinal vil la, grefye vil la, chèf lapolis la, chèf divizyon ponpye a, ak sipèentandan divizyon kominikasyon an;
- (C) Asistan yo pou chèf depatman yo:
 Chèf asistan yo pou divizyon lapolis;
 Tout ran nan divizyon lapolis ki pi wo pase pozisyon klasifye kapiten lapolis;
 Chèf asistan yo pou divizyon division;
 Chèf prevansyon dife a;
 Direktè fòmasyon divizyon ponpye a;
 Chèf batayon yo;
 Chèf sòvtaj an dife;
 Asistan pou sipèentandan divizyon kominikasyon an;
 Direktè koreksyon yo.
- (D) Tout avoka ki anplwaye pa vil la. Avoka vil la dwe sipèvizè tout avoka kap travay pou vil la. Avoka vil la dwe gen otorite eksklizif konsènan, men li pa limite a nominasyon, retire ak salè yo pou avoka vil asistan yo. Dispozisyon ki pi wo yo nan sou-seksyon (D) pa dwe aplike pou avoka sa yo nan sèvis klasifye a pou vil la jou 1e Novanm 1972.
 Avoka ki posede dwa sèvis sivil pèmanan ki nonmen pa avoka vil la nan nennpòt ki pozisyon ki aplikab ki pa klasifye pi wo a, dwe kenbe dwa sèvis sivil yo nan pozisyon nan ki moun ki te chwazi a te ka gen dwa akimile.
- (E) Tout anplwaye ki travay pou Vil la epi ki ap travay nan Biwo Oditè Jeneral Endepandan an.
 Pèsonèl ak dwa sèvis sivil pèmanan ki nonmen pa direktè minisipal majistra a nan pozisyon ki pa klasifye yo dwe kenbe te dwa [sèvis] sivil nan pozisyon nan ki moun ki te chwazi a te ka gen dwa akimile.

- (2) Sèvis klasifye yo dwe enkli tout pozisyon ki pa spesifikman enkli nan Chat sa a nan sèvis ki pa klasifye a. Dwe genyen nan sèvis klasifye a twa klas, yo dwe koni kòm klas konpetitif la, klas ki pa konpetitif la, ak klas travay la.
- (A) Klas konpetitif la dwe enkli tout pozisyon ak travay kote li posib pou detèmine merit ak kapasite aplikan yo pa egzamen konpetitif.
- (B) Klas ki pa konpetitif la dwe konpoze de tout pozisyon ki egzije kalifikasyon spesifik ak eksepsyonèl nan yon syantifik, jesyon minisipal, pwofesyonèl, oswa karaktè edikasyonèl, jan sa kapab detèmine pa règ komite yo.
- (C) Klas travay la dwe enkli travay òdinè ki non kalifye.
- (d) *Règ yo; egzaminasyon yo; lis de kalifye yo; sètifikasyon pou pòs vid yo.* Sijè a apwobasyon pa komisyon vil la, komite a dwe adopte, amande, ak aplike yon kòd de règ ak règleman ki dwe gen fòs ak efè de lalwa ki fè pwovizyon pou nominasyon ak anplwayman nan tout pozisyon yo nan sèvis klasifye a, baze sou merit, efikasite, karaktè, ak endistri; dwe fè envestigasyon konsènan aplikasyon ak efè atik sa a ak nan règ ki adopte yo; epi li dwe fè yon rapò anyèl pou komisyon vil la. Egzaminatè an chèf la dwe founi egzaminasyon an akò avèk règleman komite a epi jere lis de moun ki kalifye pou chak klas nan sèvis sa yo ki satisfè kondisyon yo pou tel règleman sa yo. Pozisyon nan sèvis klasifye a dwe ranpli pa tel lis de moun ki kalifye sa yo sou rekizisyon de ak apre konsiltasyon avèk ~~direktè minisipal majistra~~ a. Lè pozisyon yo ranpli, ofisye travay la dwe sètifye konsa, avèk fòm apwopriye ak preskri, bay direktè finans lan ak direktè depatman kote pòs vid la egziste.
- (e) *Pwomosyon.* Komite a dwe founi règleman inifòm pou pwomosyon pou tout pozisyon yo ki nan sèvis klasifye a.
- (f) *Pouvwa sispansyon, retire, amann oswa demisyon.*
- (1) Nennpòt ki ofisye oswa anplwaye nan sèvis klasifye a gen dwa retire, sispansyon, peye amann, mete a pye, oswa degrade pa ~~direktè minisipal majistra~~ a oswa pa chèf depatman an nan ki moun sa a ap travay, pou nennpòt ki kòz ki pral ankouraje efikasite nan sèvis la; men yo dwe founi moun sa a yon deklarasyon alekri sou rezon pou sa yo nan lespas senk jou apre dat yo retire, sispansyon, amann, revokasyon oswa demisyon, epi yo dwe pèmèt yon tan rezonab pou reponn rezon sa yo alekri, ki repons yo pral te fè yon pati nan dosye yo pou komite a, ak sispansyon an ki pral pran efè nan dat la ke yo founi tel deklarasyon sa a. Pa gen okenn jijman oswa egzaminasyon de temwen yo ki dwe egzije eksepte sou diskresyon ~~direktè minisipal majistra~~ a oswa chèf depatman an. Nennpòt anplwaye ki nan sèvis klasifye a ki detèmine ke li te sispansyon, retire, peye amann, mete a pye, oswa degrade san yon kòz ki jis gen dwa, nan lespas 15 jou de tel aksyon sa yo, mande alekri yon odyans devan komite sèvis sivil la pou detèmine si aksyon an rezonab. Komite a dwe, nan lespas 30 jou apre apèl anplwaye ki te disipline a, kontinye pou yo tande apèl sa a. Apre yo fin tande ak konsidere eprèv pou ak kont anplwaye a, komite a dwe rapòte alekri bay ~~direktè minisipal majistra~~ a konklizyon li yo ak rekòmandasyon li yo. ~~Direktè minisipal Majistra~~ a dwe apre sa soutni, ranvèse, oswa modifiye aksyon direktè depatman an. Nennpòt manm nan komite sèvis sivil la ak direktè pèsonèl la gen dwa administre yon sèman pou temwen ki parèt devan tel komite oswa devan tel direktè a nan yon envestigasyon, pwosedi disiplinè oswa apèl, epi yo dwe gen pouvwa pou yo delivre manda temwen yo epi fòse prezans temwen yo.
- (2) Komite sèvis sivil la dwe gen dwa tou pou yo retire oswa degrade nennpòt ofisyèl oswa anplwaye nan sèvis klasifye a sou chaj alekri de move kondwit ke nennpòt sitwayen fè, men sèlman apre avètisman rezonab bay ofisye a oswa anplwaye a ak apre yon odyans konplè. Li dwe tou devwa komite a pou li etabli yon estanda minimòm pou kondwit ak efikasite pou chak klas nan sèvis la. Nennpòt lè li parèt nan rapò sou efikasite yo ki fèt pou tel komite pou yon peryòd de si mwa ke kondwit la oswa efikasite de nennpòt ki anplwaye te tonbe anba a estanda minimòm sa a, yo dwe rele anplwaye sa devan komite a pou yo montre rezon pou kisa li pa ta dwe disipline.

Si lè yo tandè pa gen okenn rezon ki montre ki satisfèzan pou komite a, anplwaye a dwe retire, sispann oswa degrade, jan komite a gen dwa detèmine.

- (g) *Anplwaye aktyèl yo.* Tout moun ki nan anplwaye nan vil la ki kenbe pozisyon nan sèvis klasifye a, jan li etabli pa Chat sa a, nan moman ke li pran efè a, dwe, sòf si pozisyon pa yo a aboli, kenbe menm nan jiskaske yo egzeyate, degrade, pwomote, oswa transfere, an akò isit la.
- (h) *Sètifika komite sou kont pewòl ki nesèsè avan peman pou manm sèvis klasifye a.* Trezorye a oswa lòt ofisye piblik ki fè debousman an pa dwe peye okenn salè oswa konpansasyon pou sèvis pou nennpòt moun ki kenbe yon pozisyon nan sèvis klasifye a sòf si pewòl la oswa kont pou tel salè oswa konpansasyon sa a pòte sètifika komite a, pa sekretè li a, ke moun ki gen non li ladan sa a te nonmen oswa te anplwaye epi yo pèfòme sèvis an akò ak dispozisyon ki nan Chat sa a ak nan règ yo etabli ladan li.
- (i) *Ankèt ak odyans yo.* Nan nennpòt ankèt ki fèt pa komite a, li dwe gen pouvwa a pou li emi yon manda ak egzije prezans temwen yo ak pwodiksyon an kidonk de liv ak papyè ki pètinan pou ankèt la ak administre sèman tel temwen sa yo.
- (j) *Okenn diskriminasyon nan sèvis klasifye a.* Pa gen moun ki nan sèvis klasifye a oswa ki ap chèche admisyon ladan li ki dwe nonmen, degrade, retire, oswa nan nennpòt fason favorize oswa diskrimine kont li akòz de opinyon politik oswa afilyasyon. Pa gen moun ki kenbe yon pozisyon nan sèvis klasifye a ki dwe patisipe nan jesyon politik oswa zafè oswa nan kanpay politik pandan lè travay pou vil la oswa avèk pwopriyete pèsònèl ki pou vil la.
- (k) *Penalite yo.* Komite sèvis sivil la, sijè a apwobasyon komisyon vil la, dwe detèmine penalite yo pou vyolasyon de dispozisyon sèvis sivil yo ki nan Chat sa a.
- (l) *Salè yo pou komite a ak anplwaye yo.* Salè yo pou komite sèvis sivil la ak anplwaye li yo dwe detèmine pa komisyon vil la, epi yon sòm ki sifi dwe apwopriye chak ane pou kondwi dispozisyon sèvis sivil yo ki nan Chat sa a.

Sec. 51. - Panèl ankèt sivil.

Komisyon vil la dwe, selon òdonans, kreye ak etabli yon panèl ankèt sivil ki pou aji kòm sipèvize sitwayen endepandan nan depatman lapolis ki prete sèman, ki pou:

- (A) Konpoze de: (i) douz (12) manm sivil ki dwe nominee pa panel ankèt sivil la epi apwouve pa komisyon an ak (ii) yon trèzyèm (13th) manm ki dwe nominee pa Chèf Lapolis la ki pa yon Ofisye pou Lapolis Vil Miami a;
- (B) Anplwaye ak pèsònèl pwofesyonèl, ki enkli men se pa limite sèlman a: (i) yon direktè egzekitif ki dwe sèvi kòm ofisye egzekitif anchèf e (ii) yon konsèy legal endepandan ki se yon manm ki gen eksperyans ak konpetan nan Baro Florid la ak omwen sèt ane manm nan Baro Florid la epi li jeneralman gen konèsans nan lwa minisipal, tou de ki moun ki dwe nonmen pa ak sijè a retire pa panèl la avèk apwobasyon Komisyon Vil la;
- (C) Opere sou yon bidjè anyèl ki etabli pa Komisyon Vil la, pa òdonans, ki pral pèmèt panèl la konsève endepandans li ak pèfòme fonksyon li yo ki egzije pa Chat la, ak ase staf pwofesyonèl, pandan ke li ap konsidere deklarasyon pa ~~direktè minisipal~~ majistra a de yon ijans fiskal, yon ijans finansye, oswa yon ijans finansye nan Vil la;
- (D) Otorize pa vòt de CIP a ak nan "konsiltasyon" avèk avoka leta a nan Konte Miami-Dade la, pou li bay pwopozisyon pou akizasyon ki gen nati kriminel, depi CIP a pa kapab konfere iminite epi li dwe konseye tout anplwaye vil yo ki parèt devan li pa gen okenn konsekans travay negatif ki an konsekans nan egzèsis ki valab pa yo nan dwa yo pou yo lib de oto-enkriminasyon, ak, an plis de sa, ke pa gen okenn aksyon pa CIP a ki gen dwa entèfere ak nennpòt ki potansyèl ankèt oswa envestigasyon kriminel oswa pouswit jidisyè; ak
- (E) Otorize pou li:

- (1) Kondwi envestigasyon endepandan sou akizasyon move kondwit lapolis ak itilizasyon de fòs pa lapolis ki lakòz lanmò oswa gwo domaj kò a yon moun;
- (2) Kondwi envestigasyon endepandan sou lòt zafè ki gen rapò ak pwoblèm konpòtman repete pa Ofisye Lapolis Vil Miami yo;
- (3) Revize politik ak pratik depatman lapolis la; ak
- (4) Fè demann ak rekòmandasyon alekri konsènan revizyon ak ankèt CIP a bay ~~dirèktè minisipal~~ majistra a ak chèf lapolis la, kote Lapolis dwe emi yon repons alekri nan lespas karant-senk (45) jou.